

**[FÒM] DEKLARASYON AK POSIBLITE SANKSYON POU FO TEMWAYAJ POU  
ARÈ TANPORÈ DEGÈPISMAN SANT POU KONTWÒL AK PREVANSYON MALADI  
POU LOKATÈ POU PREVNI PLIS PWOPAGASYON COVID-19**

Deklarasyon sa se pou lokatè, moun ki nan fèm, oubyen rezidan ki nan pwopriyete rezidansyèl ke lòd tanporè pou mete arè sou mete lokatè deyò garanti (li pa gen ladan sezi kay pou moun ki gen ipotèk) pou prevni plis pwopagasyon COVID-19 nan. Dapre lòd CDC a ou sipoze bay yon kopi deklarasyon sa a bay pwopriyete kay ou a, pwopriyete rezidans prive kote ou rete a, oubyen lòt moun ki gen dwa pou fè w degèpi oubyen mete w deyò kote ou rete a. Chak majè ki nan fèm lan, kontra lwaye a, oubyen kontra lojman an sipoze ranpli deklarasyon sa. Amwenske lòd CDC a pwolonje, chanje oubyen fini, lòd sa anpeche yo pa degèpi w oubyen mete w deyò kote w ap viv la jiska 31 Desanm 2020. Li obligatwa pou peye lwaye ou epi swiv tout lòt kondisyon ak règleman sou kontra lwaye kote w ap viv la. Yo kapab degèpi w tou pou lòt rezon apa lwaye ou pa peye oubyen pèman lojman ou pa fè. Deklarasyon sa yon temwayaj ki jire, sa vle di yo ka pouswiv ou, mete ou nan prizon, oubyen peye yon amann si ou bay manti, oubyen twonpe, oubyen neglije bay kèk enfòmasyon enpòtan.

Mwen Sètifye ak posiblite sanksyon pou fo temwayaj, dapre 28 U.S.C. § 1746, ke sa ki sot di la yo vrè epi kòrèk:

- Mwen te itilize tout efò m pou ka genyen tout asistans ki disponib nan men leta pou lwaye oswa lojman;<sup>1</sup>
- Mwen pa prevwa fè plis ke \$99,000 nan revni m pou kalandriye 2020 (oubyen pa plis ke \$198,000 si mwen fil taks ak yon lòt moun), yo pa mande pou repòte ankenn taks nan 2019 bay Sèvis Revni Entèn Etazini (IRS) oubyen resevwa yon Pèman pou Enpak Ekonomik (chèk gouvènman pou ede) dapre Seksyon 2201 nan Lwa CARES la;
- Mwen pa kapab peye tout lwaye kay mwen oubyen peye tout lojman mwen akòz de gwo pèt revni ki gen nan kay la, pèt nan lè travay oubyen salè, sispansyon oubyen depans medikal ekstraòdinè<sup>2</sup> ki sot nan pòch;
- M ap fè tout efò m pou fè pèman yo pa pòsyon alè ki apeprè tout pèman an antye jan sikontans endividyèl yo kapab pèmèt, lè yo teni kont de lòt depans ki dwe fèt kanmenm yo;

<sup>1</sup> “Asistans gouvènman ki disponib” vle di avantaj lajan lwaye ak lojman gouvènman an genyen ki disponib pou moun lan oubyen pou nenpòt manm fanmi nan kay la.

<sup>2</sup> Yon depans medikal “ekstraòdinè” se nenpòt depans medikal ki pa ranbouse ki gen chans depase 7.5% revni yon moun pou ane a anvan dediksyon.

Yo kalkile apeprè fado rapò pou piblik la pou kòlèk enfòmasyon sa yo se an mwayèn 5 minit pa repons, sa gen ladan tan pou egzamine espplikasyon yo, chèche sous done ki egziste deja, rasanble ak jere done ki nesèsè yo, epi ranpli ak revize kòlèk enfòmasyon yo. Yon ajans pa ka fè ni patwone, epi yon moun pa oblije reponn a yon kòlèk enfòmasyon sof si li gen yon nimewo kontwòl OMB ki valab nan moman an. Voye kòmantè konsènan estimasyon fado sa a, oswa nenpòt lòt aspè kòlèk enfòmasyon sa yo, sa gen ladan sijesyon pou redui fado sa bay CDC/ATSDR Reports Clearance Officer; 1600 Clifton Road NE, MS D- 74, Atlanta, Georgia 30333; Attn: OMB-PRA (0920-1303)

- Si yo degèpi m, mwen pral pwobableman vin sanzabri, m ap bezwen ale nan yon refij pou sanzabri, oubyen bezwen ale nan yon kote m kapab pataje ak lòt moun ki viv trè pre nan ti espas paske m pa gen lòt opsyon ki disponib pou lojman.<sup>3</sup>
- Mwen konprann ke mwen dwe kontinye peye lwaye oubyen fè pèman pou lojman epi rete an règ ak lòt obligasyon ki nan kontra m genyen kòm lokatè, kontra lwaye a, oubyen kontra ki sanble ak sa. Epi tou, mwen konprann ke yo kapab chaje oubyen kolekte lajan frè, amann, oubyen enterè ki monte paske mwen pa peye lwaye oubyen lojman alè jan kontra a mande l, kontra lwaye a mande l oubyen lòt kontra nan menm sans lan.
- Mwen konprann tou ke nan fen arè tanporè degèpsman nan 31 Desanm 2020 an, kote ki lwe m kay la ka mande m pou m peye l tout kòb la antye pou pèman ki pat fèt anvan ak pandan arè tanporè a epi si m pa peye sa ka lakoz yo degèpi m depann de lwa Eta a ak lwa lokal yo.

Mwen konprann nenpòt fo oubyen deklarasyon ki pa kòrèk oubyen omisyon kapab lakòz yo fè m peye amann pou krim ak aksyon sivil, domaj oubyen prizon.

---

Siyati moun ki deklare a

---

Dat la

---

<sup>3</sup> “Lojman disponib” vle di nenpòt pwopriete rezidansyèl ki pa gen moun, oubyen lòt plas moun ka abite nan nenpòt sezon oubyen lojman tanporè, ki p ap vyole lwa federal, eta, oubyen estanda lokal pou moun rete epi ki p ap lakoz pri lojman ou ogmante.

Yo kalkile apeprè fado rapò pou piblik la pou kòlèk enfòmasyon sa yo se an mwayèn 5 minit pa repons, sa gen ladan tan pou egzamine espplikasyon yo, chèche sous done ki egziste deja, rasanble ak jere done ki nesesè yo, epi ranpli ak revize kòlèk enfòmasyon yo. Yon ajans pa ka fè ni patwone, epi yon moun pa oblije reponn a yon kòlèk enfòmasyon sof si li gen yon nimewo kontwòl OMB ki valab nan moman an. Voyer kòmantè konsènan estimasyon fado sa a, oswa nenpòt lòt aspè kòlèk enfòmasyon sa yo, sa gen ladan sijesyon pou redui fado sa bay CDC/ATSDR Reports Clearance Officer; 1600 Clifton Road NE, MS D- 74, Atlanta, Georgia 30333; Attn: OMB-PRA (0920-1303)